



# The Commonwealth of Massachusetts

DEPATMAN SÈVIS PIBLIK

## Memorandòm

Pou: D.P.U. 21-50 Lis Distribisyon

SÒTI NAN: Laurie Ellen Weisman, Avoka Prensipal

Scott Seigal, Ofisye Odyans lan

OSIJÈ: Pwosedè sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la, D.P.U. 21-50  
Demann pou Kòmantè

DAT: 25 jiyè 2023

Cc: Mark D. Marini, Sekretè

---

THIS IS AN IMPORTANT NOTICE. PLEASE HAVE IT TRANSLATED.  
ESTE É UM AVISO IMPORTANTE. QUIERA MANDÁ-LO TRADUZIR.  
ESTE ES UN AVISO IMPORTANTE. SIRVASE MANDARLO TRADUCIR.  
QUESTA È UN'INFORMAZIONE IMPORTANTE, SI PREGA DI  
TRADURLA. 此为重要通知。请加以翻译。  
DÂY LÀ MỘT THÔNG BÁO QUAN TRỌNG. XIN HÃY DỊCH NÓ.  
SA A SE YON AVI ENPÖTAN. TANPRI FÈ LI TRADUI.  
KEL LI È UN AVIZU INPORTANTI. FAVOR MANDA TRADUZIL.

Nan dat 24 jiyè 2023, Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman”) te fè yon konferans teknik vityèl pou angaje prensipal pati prenan yo nan yon diskisyon sou òdonans entèlokitwa 28 desanm 2022 a ak Pwojè Politik li yo. Nou envite tout moun ki entere pou yo bay kòmantè alekri sou kesyon yo ki te diskite nan konferans teknik la.

Tout kòmantè ekri yo ta dwe depeze nan Depatman an **pa pita pase lendi 14 dawout 2023**. Tout kòmantè yo dwe soumèt bay Depatman an atravè yon atachman nan imèl nan [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov), [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov), ak [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov). Tèks ki nan imèl la dwe prezize: (1) nimewo dosye pwosedè a (D.P.U. 21-50); (2) non ak enfòmasyon kontak moun oswa konpayi ki soumèt fichye a; epi

(3) yon ti tit deskriptif pou dokiman an. Non fichye elektwonik la dwe idantifye dokiman an men li pa dwe depase 50 karaktè. Sa ki enpòtan, tout gwo dosye y ap soumèt yo dwe divize an fichye elektwonik ki pa depase 20 MB. Kòmantè ekri yo pral poste sou sitwèb Depatman an atravè espas dosye nou an sou entènèt la nan <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/21-50>.

Kounye a, tout dokiman yo pral soumèt sèlman sou fòm elektwonik, dapre direktiv Komisyon 15 jen 2021 ki gen rapò avèk modifikasyon sou kondisyon depozisyon yo. Nòmalman, tout pati yo ap suiv Seksyon B.1 ak B.4 Règ Debaz Estanda Depatman an (D.P.U. 15-184-A, App. 1 (4 mas 2020)); sepandan, jiska yon lòt avi, pati yo dwe kenbe vèsyon orijinal ki sou papyè a, epi Depatman an ap detèmine pita ki lè yo dwe depoze vèsyon papyè a nan Sekretarya Depatman an.

Pou nenpòt kesyon konsènan memorandòm sa a, tanpri kontakte avoka prensipal Laurie Ellen Weisman nan [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov) oswa ofisyè odyans Scott Seigal nan [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov).